O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW

MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK

PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakulteti

«Qaraqalpaq a`debiyatı» kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı ta`lim bag`darının`

4-kurs Orinbaeva Gulzada Batirbaevnanin'

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

Tema: Ulıwma bilim beretugın mekteplerdin` 8-klasslarında

A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalıq lirikasın oqıtıwdın` metodikası

İlimiy basshı: f.i.k.dots. S. Qazaqbaev

Kafedra baslıg`ı: f.i.d. prof. K. Allambergenov

N O` K İ S – 2013

**Tema: Ulıwma bilim beretugın mekteplerdin` 8-klasslarında**

**A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalıq lirikasın oqıtıwdın` metodikası**

**JOBASI**

1. **Kirisiw**

**I Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalık lirikasın oqıtıwdın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti

**II Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalık lirikasın oqıtıwdın` metodikası

**III Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalıq lirikasın pedagogik pedagogikaliq texnologiyada oqitiwdin' usillari

**Juwmaq**

**Paydalang`an a`debiyatlar**

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Fakultet dekani: f.i.k. D. Paxratdinov

Kafedra baslig’i: f.i.d. prof. K. Allambergenov

Ilimiy basshi: f.i.k.dots. S. Qazaqbaev

Pitkeriw qa’nigelik jumisin orinlawshi ___________________________

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasinin’ qarari:**

_____________________________ qanigelik pitkeriw jumisina “____” ball qoyilsin.

MAK baslig’i: __________________________________

MAK ag’zalari: __________________________________

M A Z M U N I


2. **Kirisiw**……………………………………………………………5

**I Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalık lirikasın oqıtıwdın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti……………………………………………………9

**II Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalık lirikasın oqıtıwdın` metodikası………………………………………………………….22

**III Bap** A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalıq lirikasın pedagogik pedagogikaliq texnologiyada oqitiwdin’ usillari …………………..31

**Juwmaq**………………………………………………………….45

**Paydalang`an a`debiyatlar**…………………………………….49

Bul teberik ana-jer topırag`ı muhabbatı Ku'nxoja, A`jiniyaz, Berdaqlardı bulbilziban shayırlar etken.

***İ. A. Karimov.***

## KİRİSİW

Watan ha`m xalıqtın` gu'lleniwi jolında tınımsız izlengen A`jiniyazdın` arzıw-a`rmanları bu'gin ju'zege shıqpaqta. G`a`rezsiz elimizde insannın` baxıtlı turmısın ta`miyinlew, jetik jas a`wladtı ta`rbiyalaw, puxaralarımızdın` sanasında ertengi ku'nge isenimdi bekkemlew maqsetinde haqıyqıy isler islenbekte. Jan`a a`sirde ma`mleketimiz ha`r ta`repleme rawajlang`an abbat ha`m qu'diretli ma`mleket bolıp dun`yag`a tanılıwı jolında do`retiwshi qaraqalpaq xalqının` ulken juwapkershilik penen miynet etetug`ınına shın kewlimnen isenemen. Haqıyqatında da, xalıq shayırı A`jiniyazdın` jazg`anınday-aq qaraqalpaq «O`tirikti ras etip aytpag`an, Bas ketsede de tuwrı joldan qaytpag`an» la`bzi hadal, ma`rt ha`m kewli ken` xalıq.

Qaraqalpaq klassik a`debiyatının` ko`rnekli wa`kili A`jiniyaz Qosıbay ulı (1824-1878) o`z zamanının` ozg`ır oylı, teren` bilimli adamı bolg`an. Ol jaslayınan Niyzamiy, Dexlevi, Nawayı, Fiziuliy, Mashrab, Andalib, Maqtumqulı ha`m basqa da poeziya sheberlerinin` bir qatar shıg`armaları menen tanıs bolg`an.

Ol sol waqıttag`ı Xiywanın` poetikalıq ortalıg`ı menen tıg`ız baylanısqan. A`jiniyaz shıg`armaları menen jaqınnan tanısıp ko`rsek, onın` xalıq da`stanların, qosıqların jaqsı bilgenliginin` guwası bolamız. Ol o`zinin` en` jaqsı shıg`armalarında o`zinin` a`debiy bilimdanlıg`ın xalaq do`retpeleri menen

[1] İ. A. Karimov «Yuksak manaviyat engilmas kuch» manaviyat toshkent 2008

organikalıq jaqtan qarıstırıp jiberedi. Usının` menen ol Shıg`ıs xalıqlarının` estetikalıq ta`jiriybesin jıynaqlaydı. Sonın` menen qatar onın` shıg`armaları milliy o`zgesheligi ha`m xalıqtın` oy-pikirleri, sezimleri menen teren` suwg`arılg`an.

Belgili ilimpaz M. K. Nurmuxamedov A`jiniyazdın` shayırlıg`ın bahalay otırıp bılay jazadı: «A`jiniyaz-haqıyqıy lirik shayır, sonın` menen qatar ulken sotsiallıq polotnolardın` avtorı. Ol qaraqalpaq qosıq jazıwın ha`r ta`repleme bayıttı ha`m ha`r ta`repleme rawajlandırdı, onı jan`a basqıshlarg`a ko`terdi. A`jiniyaz ko`rkem so`zdin` sırın biliwge umtılıwshılar ushın ulgi boldı ha`m ulgi bolıp qaladı».

A`jiniyazdın` poetikalıq ko`z qarası ushın, onın` estetikalıq ko`z qarası ushın sezimtallı dun`yanın` go`zzallıg`ına degen jaqsı qatnas ta`n bolıp tabıladı. Shayır adamlarg`a suyiwshilik ha`m hurmet penen qaraydı, adamnın` sırtqı ha`m ishki sulıwlıg`ı menen maqtanadı, o`z zamanlaslarına baxıtlı jasawg`a ja`rdem etiwge umtıladı. Ola ta makanının` sulıwlıg`ın teren` tusinip ha`m sol sulıwlıqtı ulken sheberlik penen suwretleydi. A`jiniyaz ushın adamnın` qorshag`an ortalıq penen garmoniyasın ha`m turmıs ushın bul baylanıstın` qa`jetligin biliw jaqsı na`tiyje berdi. Ha`m de tiri jan ushın jamanlıqtın` ka`sapatın ko`rip, seziw shıg`armalarına arqaw boldı. Sol ushın jaqsılıq etiw-bul go`zzallıq, al jamanlıq qa`siyetleri-a`beshiy nuqsan ekenlikleri sıyaqlı qabıl etildi.

Adam ulı adam qadirin bilmese,

Onnan du’zde otlap jurgen mal jaqsı.

Adam balasının` en` baslı paziyletinin` biri-ja`miyettegi o`z ornın durıs tan`lap biliw, ata jurtına degen ha`m U`atanına degen muhabbetininde ekenligin an`latadı. Sol ushın ol o`zinin` «Ayrılsa» degen qosıg`ında bılay jazadı:

G`osh iygittin` da`wleti bar basında,
Ha`m ag`ası ha`m inisi qasında,
Ha`r kim o`z elinde ten`i tusında,
Jigit qa`diri bolmas elden ayrılsa.

A`jiniyaz o`z elinin` haqıyqıy perzenti bolg`an, o`z W`atanın' janınday jaqsı ko`redi. Onın` go`zzallıg`ı menen maqtanadı. «Ellerim bardı» degen qosıg`ında shayır bılay jazadı:

Jaylawım U'rgenish arqası ten`iz,
Jawırını qaqpaqday malları semiz,
Ruxsatsız bir-birine salmas iz,
Birlikli Qon`ırattay ellerim bardı.

Bir oqıg`annan bunda qanday go`zzallıq bar degen soraw tuwılıwı mu'mkin. Aqırı bul ko`rinisler ha`r kuni shayır basınan o`tip tursa. Jaq, bul a`piwayı qatarlar qanshama aytılmag`an sırlarg`a tolı deysiz? Ta`biyattın` tilsimli eki ko`zi jasıl dalan`lıq penen ko`k ko`mbek ten`iz adamnın` qıyalın terbetedi, ko`z aldın`a anna Araldı, jap-jasıl dalan`lıqlardı keltiredi. Shayırdın` jaratqan bul tilsimli kartinasınan tuwgan Qaraqalpaqstannın` ko`rinisin ko`resen`, bul ko`kiregin`de

na`zik sezimlerdi payda etedi. Ol o`zinin` tuwg`an jerge bolg`an muhabbetin «Bardur» degen qosıg`ında da ulken ko`terin`kilik penen jırlaydı. Sonın` menen bul ma`kan menen tıg`ız baylanısta jasap atırg`an adamlarg`a da biyik na`zer menen qaraydı. Ol ko`binese go`zzallıqtı er jureklik penen ten` ko`rinedi. Ol kushli, er jurek adamlarda estetikalıq minez-qulıqtın` u’lken maqtanıshın payda etedi.

## I Bap A`jiniyaz Qosıbay ulının` didaktikalık lirikasın oqıtıwdın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti

Adam balası bul o`mirde aqıllı ha`m parasatlı bolıp jasawdı ku`segen. Sol sebepli bul du`n`yanın` o`z de ta`lim ha`m tarbiya u`gitleri menen tolıp tasqan. Bunın` tu`p tiykarı ata-analardın` parasatlı so`zlerinen baslanıp, song`ı danalardın` didaktikasına barıp taqaladı. Sonın` ushın da didaktika ha`r bir da`wir shayırlarının` en` baslı teması bolıp kelgenligi de ma`lim,

Arg`ı baslı A`met Yassawiyden baslanıp , bergi jag`ı Maxmudqulı da`wirlerinde a`bden rawajlang`an didaktikalıq poeziya tu`rki a`debiyatının` en` ajayıp g`aziynelerine aylang`anlıg`ı ma`lim.

Al A`jiniyaz bolsa Maxmudqulı poeziyasınan na`r alıp o`sken shayır. Sonın` ushın olda ta`lim-ta`rbiya didaktikasınan keyin qalg`an emes. Adamzattın` bul du`n`yada jasaw maqseti adalatlı tu`rde ku`n kesheriw, bul o`mirdegi jaqsı ha`m jamanlıqlardın` aqıbetin seziw. Biraq barlıq adam o`mirde bir tekli emes. Ko`pshilik ta`rbiyag`a mu`ta`j bolıp keledi. Sonın` ushında A`jiniyaz adamlar arasındag’ı parıqtı ayqın sezedi. Mısalı:

Adam ullı adam qa`dirin bilmese,

Onnan du`zde otlap ju`rgen mal jaqsı.

Ayıtqan so`zdin` mag`anasın bilmese,

Ol adamnan tilsiz o`sken lal jaqsı.

***(Jaqsı)***

A`jiniyaz adamlar arasındag`ı topaslıqtı ko`birek ta`rbiyadan izleydi. Onın` pikiri boyınsha Adamlar ko`birek so`zi arqalı ayrıladı. Sebebi adamgershiliktin` o`zide da`slep til (so`z) arqalı belgili boladı. Sonın` ushın ha`rqanday adam oylanıp soylewi kerek. Mısalı:

Soylegende so`zdin` parqın bilmegen,
Adam degen menen insan bolarma

***(Bolarma)***

Pa`ziylet bilmegen adam,
To`rt ayaqlı malg`a mezger

***(Mezger)***

Shayır turmıstan alg`an o`z ta`rjiybeleri tiykarında pikir ju`rite otırıp jaqsı penen jamanlıq shegaraların anıqlamashı boladı Sebebi en` jaman na`rse qıstag`ı qaqaman suwıq. Suwıqta adam o`lip qalıwı da mu`mkin. Biraq g`ayrı jurıtlarda jalg`ız ju`riw - bunnan da jaman. Al bulardan da jaman na`rse - ta`rbiyasız perzent. Attan ju`yrik na`rse joq. Biraq ol mın` ursa bir jortpaytuın yabı bolsa, atım bar dep esaplama. Onın` ornında ju`k ku`tere alg`anday o`gizdin` bolg`anı jaqsı. A`jiniyaz bul pikirdi to`rt qatarlı rubayıg`a g`ana siydıradı.

Mısalı:

Ku`sh axrabı yaxshı g`ayrı elattan,
Gayrı elat jaqsı jaman zuryadtan,
Jorg`asız – ju`rissiz bir shaban attan,
Qos arbag`a belli o`giz jaqsıraq.

A`jiniyaz o`mirdegi adamlardı jaqsı ha`m jaman- de peki toparg`a bo`lip qaraydı. Jaqsı adamlar ilim hiqmetli, a`dalatlı, birewlerge azar bermeytug`ın, o`z miynet menen ku`n ko`retug`ın topar. Al jaman adamlar bolsa birewlerdin` u`stinen o`sek so`z tarqatatug`ın, o`tirikshi jalaxor ha`m su`txor adamlar. Sonın` ushında o`mirde bul ekewi arasında kelispewshilikler bolıwı ta`biyiy. Shayır bul gu`reste jaqsılar ta`repinde ekenligin bildiredi. Jaqsı adam bolıw ushın adam keshirimli ha`m ken` bolıwı kerek.  Al kewilde giyne saqlay beriw jaman adamnın` talabı. Shayır bul haqqında:

Aqıllı yaxshının` giynesi bolmas.
Yaman adam giyne tutsa umıtpas.

***(Bolmasa)***

-dep jazadı.

Biraq gu`reste jaqsı ha`m mart adamlarda jen`iliwi mu`mkin. Xa`r qanday jen`isti qolg`a kirgiziw ushın o`z ideyan`ı maqulashı sadıq ta`repdarlar kerek – dep tu`sindiredi. Mısalı:

Ma`rt penen na`ma`rtti ayırar sawash,
Sawash maydanında kerek qarındash.

***(Bolmasa)***

Bunnan tısqarı dos penen dushpang`a bir qıylı qatnas jasamaw kerek. Dostın`a o`z pikirin`di tuwrı ayt. Al dushpan menen hiyle tiykarında pikirlesiw kerek boladı. Bolmasa en` izinde pushayman jeysen`, -dep aytılg`an qatarlar shayırdın` «Bolmas» qosıg`ının`:

Dostın`a tuwrı ayt, dushpang`a hiyle,

Bolmasa ko`p bolar, o`kpe ha`m giyne,

-dep baslanatug`ın qatarlarında anıq aytılg`an.

A`jiniyaz o`z qosıqlarında perzent ta`rbiyasın og`ada joqarı bahalaydı. Onın` pikiri boyınsha perzent-adamzattın` keleshegi ha`m asqar tawı. O`mirde jaqsı perzent ta`rbiyalay alg`an adam o`zin og`ada baxıtlı sezedi. Sebebi perzent quwanıshı ha`mme na`rseden ustin. Mısalı:

Bolsa jedelli ma`rt ulın`

Kewlin` ba`lent tawg`a megzer

***(Megzer)***

Al perzent o`z kewlindegidey bolıp shıqpasa, onnan jamanı joq. Ol tek o`zin g`ana emes, ata-ananı da jer menen jeksen etedi,-degen pikirge keledi. Mısalı:

Axmaq bolsa tuwg`an balan`,

O`mirin` zimistang`a megzer.

***(Megzer)***

-dep jazadı.

Shayırdın` pikiri boyınsha ha`r qanday adam o`mirdin` go`zzallıg`ın sezip jasawı kerek. Sonın` ushın da adam ha`rqanday na`rsenin` qa`dirin bilmegi lazım. Bunın` ushın en` birinshi ashshı-dushshını sezip, turmıstı biliw kerek. Turmıstı bilmegen adam jaqsılıqtın` da, molshılıqtın` da, a`dalatshılıqtın`da qadirin bilmeydi. Yaki:

Duzde ashlıq mashaqatın ko`rmegen,

U’yde ıssı nannın` qadirin ne bilsin.

*(Ne bilsin)*

Bunnan tısqarı «Zer qa`dirin zerger biler» degendey ha`r kim o`z qadirin bilgen adamlar menen ulpet bolg`anı jaqsı. Sebebi qa`dirin`di bilmegen adam menen joldas bolsan` xor bolasan`,-deydi Mısalı:

Bir shopan da`stine tusse bir almaz,

Shaqmaqqa xarj eter, qa`dirin ne bilsin.

Qarazban qolına tusse alg`ır baz,

Qanatın qayırar qa`dirin ne bilsin.

*(Ne bilsin)*

A`jiniyazdın` ko`p g`ana didaktikalıq qosıqları hayal-qızlar temasına arnalg`an. Shayır o`z qosıqlarında zaman talabı tiykarında bahalaydı. Ol sem`yanın` (aylanın`) tiykarg`ı o`zegi-hayal dep biledi. Sonın` ushın da hayal sa`wer yar bolıw menen birlikte sem`yanı biriktiriwshi. Usı tiykardan qarag`anda hayal jaqsı ha`m jaman bolıwı da mumkin. Yaki:

Hayal jaqsı bolsa kewlin`di ashar,

Hayal jaman bolsa, abırayın` qashar.

*(Bolmas)*

Sonın` ushın da A`jiniyaz tusinigi boyınsha jaqsı hayal uydin` bezegi ha`m ko`rki. Sebebi miyman kutiw ha`r qanday adamnın` ziyneti. Adamnın` abırayının` o`siwi de miyman kutiwden baslanadı. Eger hayal miyman aldında sır aldırsa, yaki na`maqul qılıq islese, onın` pa`sligin bildiredi. Sonın` ushın da ol:

Yigittin` shiyrin til hayalı bolsa,

U’yine qıdırıp miymanı kelse,

Alg`anı sa`llanıp barını berse,

Miyman kutse, basqa isi bolmasa.

***(Bolmasa)***

-dep o`z pikirin ashıq aytadı.

A`jiniyaz jaqsı er menen jaqsı hayaldın` qoslas bolıwın qa`dirleydi. Er menen hayaldın` bir-birine sa`ykes kelmey qalıwı ulken apatshılıq-dep tusinedi.Mısalı:

İshin` tolıp a`rman-sherge,

Kewlin` megzer qara jerge,

Jaman qatın jaqsı erge,

Tawsılmas do`hmetke megzer.

***(Megzer)***

Hayaldın` go`zzal ha`m a`depli bolıwı ta`rbiyag`a baylanıslı.

Ha`r qanday adam o`z yarın ta`rbiyalawı lazım. Sonın` ushın da A`jiniyaz o`z yarına nasaq tag`ıp, basqa hayallardı kuseytug`ın na`kaslardı ulken sın astına aladı. Yag`nıy:

Kisinin` yarına kulip baqqannan,

Shıbın janın` ıshqı otına jaqqannan,

O`z boyın`a turli nasaq taqqannan,

O`z yarın`nın` ta`rbiyasın ber jaqsı.

***(Jaqsı)***

A`jiniyaz o`zinin` didaktikalıq qosıqlarında forma menen mazmunnın` ten` bolıwın qa`leydi. Onın` pikiri boyınsha xoshirey ha`m sulıw qızlardın` ha`mmesin

jaqsı-dep atap bolmaydı. Sebebi hayal-qızlarg`a go`zzallıq penen birge a`dep-ikramlılıq za`rur. Mısalı:

A`depsiz, ikramsız biypa`him qızlar.
Xoshirey bolg`an menen jannan bolarma.

***(Bolarma)***

A`jiniyaz qullası didaktikalıq poeziyanın` sheberi. Bul jag`day onın` lirikasının` ha`r bir qatarlarında ushıraydı. Xalqımızda «Pitken aqıl bolmasa, surtken aqıl bolmaydı» ja`ne de «Sut penen pitken minez, suyek penen birge ketedi» sıyaqlı adamlardın` minez-qulıq normaları menen a`dep-ikramlılıq pa`ziyletlerine baylanıslı danalıq pikirleri bar. A`jiniyaz shayırdın` «Arjag`ında bolmag`ansha» qosıg`ında:

Haslı buzıq so`zdi bilmey,
Na`siyatqa ko`n`il bermes,
Aytqanın` qulaqqa kirmes,
Arjag`ında bolmag`ansha.

Jaqsılardı qa`dirlemes,
Hesh na`rseni zeyni ilmes,
Siltegen jolın`a jurmes,
Esesine quymag`ansha.

Qa`dirin bilmes tuwg`an ldin`,
Parqın bilmes altın-zerdin`

Qa`dirin bilmes nag`ız erdin`,

Basına is tuspegenshe [1].

Qatarlarında paydalı ugit-na`siyatqa ko`n`il berip, qulaq turmeytug`ın, haslı buzıq, aqılsız, zeyni pa`s, el-xalıq aldında o`z qa`dir-qımbatın jog`altqan ayırım kimselerdin` kelbeti teren`nen ashılıw menen birge, qosıqtın` kelesi shuwmaqlarında berilgen didaktikalıq qatarlarda bir jamang`a dus kelmey, jaqsı yardın` qa`dirine jetpeslik, asırap alg`an perzenttin` o`z balan`day bolmaslıg`ı, ha`r bir azamat erdin` de o`zine ta`n parqı, o`zgesheligi bolatug`ınlag`ı turmıs ta`jiriybeleri tiykarında birme-bir bayan etiledi. Shayır bul qosıg`ının` son`ında usınday illetlerdin` aldın alıwdı na`siyat etip bılayınsha juwmaq jasaydı:

Qa`dirin bil barlıq jannın`,

Man`lay terden o`ngen da`nnin`,

Qa`dirin bilmes astın`-nannın`

Bes kun zarın tatpag`ansha.

Shayırdın` «Ba`rshe birdey bolg`an emes» didaktikalıq qosıg`ının` ideya-tematikasında da adamnın` bes barmag`ının` birdey bolmag`anınday, ha`tteki, adamlardın` minez-qulqı menen juris-turısının`, so`ylegen so`zi menen is-ha`reketlerinin` de biri-birinen ulken parqı bolatug`ınlıg`ı ayırım so`z ma`nisin bilmeytug`ın oysız, o`zinen basqanı kem sanaytug`ın ta`kabbir ha`m menmen adamlarg`a qaratılg`an na`siyatlıq pikirlerinde ayqın belgilep beriledi.

Birewde bar, pitken aqıl,

Juqpay keter surtken aqıl,

---

[1]. A`jiniyaz. Ziywar. Tan`lamalı shıg`armaları.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1988. 100-101-b

Oydag`ını bilip bolmas,
Burıng`ıdan qalg`an naqıl.

To`rt ta`repin` qubla emes,
Sen qılmag`ıl jurtqa a`bes,
Birew aqıl, birew g`apıl,
Ba`rshe birdey bolg`an emes.

So`zin`nin` haslın es bilipsen`,
Basqanı na`kas bilipsen`,
Sen etmegil ta`kabbırlıq,
Yurttı o`zin`nen pa`s bilipsen`[1].

A`jiniyazdın` turli sebeplerge bola o`z elinen, tuwg`an jerinen uzaq ayralıqta jasawına ma`jbur bolıwı, jat jerlerde jurip el-xalıq, watan temaların shın kewlinen tebirene jırlawı haqqında shayırdın` o`miri ha`m do`retiwshiligi boyınsha izertlew jumısların alıp barg`an belgili a`debiyat izertlewshileri Q. Bayniyazovtın`,[2] B. Qa`limbetovtın`,[3]

A. Murtazaevtın`,[4] K. Ma`mbetovtın` [5] ilimiy miynetlerinde de so`z etiledi. Lekin biz A`jiniyazdın` el-xalıq ha`m watan temasın jırlawshı lirikalıq qosıqların tek g`ana shayırdın` jat jerlerde ayralıq da`rtinde jurip do`retken qosıqları dep

[1]. A`jiniyaz. Ziywar. Tan`lamalı shıg`armaları.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1988. 99-b.
[2]. Bayniyazov Q. Qosıqtın` kushi.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1977.
3. Qa`limbetov B. A`jiniyazdın` lirikası.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1981
[4]. Murtazaev A. Shayırdın` muhabbatı.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1989.
[5]. Ma`mbetov K. A`jiniyaz.-No`kis: «Bilim», 1994.

qaramastan, ha`r bir adamnın` o`z elin, xalqın, tuwılg`an jeri menen Ana-watanın qadirlep-qa`sterlewge ha`m onı maqtanısh sezimleri menen suye biliwge, meyli qay jerde bolmasın elim, xalqım dep janıp jasawg`a u'git-na`siyat etiwshi didaktikalıq qosıqları sıpatında qarawg`a haqılımız.

Ha`r jerlerde dilgir muta`j bolsan`ız,

Sonda belli da`rkar wa`jdin` qımmatı,

Nesip aydap elden ayra tushsa`n`iz,

Sonda belli, uyde ha`zdin` la`zzeti.

(«Ha`r jerlerde dilgir muta`j bolsan`ız»)

…Elinen ayrılg`an diywana bolur,

Yarınan ayrılg`an biyga`na bolur

…Ha`r kim o`z elinin` ten`i tushında,

Yigit qa`diri bolmas elden ayrılsa.

***(«Ayrılsa»)***

…Duzde ashlıq mashaqatın bilmegen,

Uyde ıssı nannın` ka`dirin ne bilsin.

***(«Ne bilsin»)***

… Giyne qılıp jurttı taslap ketkennen,

Qadirin bilmes jerde xızmet etkennen,

Jat ellerde musa`pirlik shekkennen,

Urıp-sog`ıp qorlasada el jaqsı

***(«Jaqsı»)***

Yigit na`siyp shegip, yat elge barsa,

Anda barıp sha`ka`r bila`n bal ishsa`,

Ag`ayın qarındash yadına tushsa`,

Na`ylaj yurur ten`i-dosı bolmasa[1].

A`lbette o`z da`wirinin` watanshıl ha`m patriot shayırı A`jiniyaz o`z elinde yamasa qay jerde, qaysı xalıqtın` arasında jurse de «U`atan shan`araqtan baslanadı», «O`z uyin`nen bir adım shıqsaq musa`pirsen`» sıyaqlı xalıq danalıg`ın o`z sanasına teren` sin`dirgenlikten eli-xalqın ha`m tuwg`an jerin qa`dirlep-qa`sterlewge, perzentlik mehir-muhabbat penen teren`irek suyiwge na`siyatlawsha oy-pikirlerin qa`legen didaktikalıq qosıqlarının` jelisinde arnawlı kirgizip jiberedi.

A`jiniyaz shayırdın` «Megzer» qosıg`ında bolsa:

Abadandur on`ın`-solın`,

Jetedi ha`r jerge qolın`,

Bolsa jedelli ma`rt ulın`,

Kewlin` ba`lent tawg`a megzer.

Ko`kke jeter shekken nalan`,

Oyran bolar jiger, sanan`,

Aqmaq bolsa tuwg`an balan`,

O`mirin` zimistang`a megzer.

Xalayıqqa ko`z salmasa,

Ag`ayindi tanımasa,

[1]. A`jiniyaz. Ziywar. Tan`lamalı shıg`armaları.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1988. 79-105-b

Balan` tilin`di almasa,

İshin` jang`an otqa megzer.

-shuwmaqlarında qay waqıtta da jaqsı ha`m ma`rt perzentler ata-anasının` kewlin shad etip, to`besin ko`kke jetkerse, aqılsız ha`m aqmaq perzentler ata-anasın ada bolmas da`rtke salıp, o`mirin zimistang`a megzetetug`ınlıg`ı o`z ara salıstırılıp poetikalıq suwretlewler menen sheber ashıladı. Ja`ne de, shayırlardın` didaktikalıq qosıqlarının` ayırım shuwmaqlarında jaqsı ha`m jaman minez-qulıqtag`ı hayal-qızlardın` obrazına bılayınsha baha beriledi.

Yaqshı bolsa er yigitnin` jananı,

Yigitnin` ishinde qalmas a`rmanı,

Yaman bolsa ma`rt yigitnin` alg`anı,

Bashında dun`yanın` qayg`ı-g`ulpeti.

***(«Ha`r kim xatam bolur paniy dun`yada»)***

Jaman qatın erinin` aytqanın etpes,

So`zini tın`lamas, kewline jetpes,

Kunde uy-ishinin` g`awg`ası pitpes,

Ma`rt yigitnin` mudam halı ta`n` bolur.

Jaman qatın biyzar eter elatın,

So`ylegende jaqsı menen ten` bolur,

Jaqsı yardın` begler bilsen` so`hbeti,

Yalg`anshıda ja`nnet bilen ten` bolur.[1.]

***(A`jiniyaz «Yigitler»)***

Hayal alsan`, jaqsını al,

Ko`p tın`lap, so`zge qulaq sal,

Ko`rkin alma, minezin al,

A`welden sınap ko`rgeysiz[2].

***(Berdaq «Bilgeysiz»)***

A`jiniyazdın`, Berdaqtın` didaktikalıq qosıqlarında hayal-qızlardın` ja`miyettegi, a`sirese shan`araqtag`ı ornı, olardın` jaqsı ha`m jaman qa`siyetleri menen belgilenetug`ınlıg`ı atap o`tiledi. Sonday-aq, bul shuwmaqlardın` mazmunında qalegen ja`miyette de shan`araqtın` uytqısı bolıp kiyatırg`an hayal-qızlarımızdın` o`z erine opadar yar, perzentlerine bawırman anna bolıwı menen birge so`ylegen so`zi, juris-turısı, islegen is-ha`reketleri menen de el-xalqına ulgili bolıwı kerekligi qayta-qayta na`siyat etiledi. Haqıyqatında da shayırlar ulgi tutqan haslı tegi ko`rgenligi, ta`rbiyalı hayal-qızlar g`ana o`z erine opadar yar, perzentlerine miyriman anna ha`m t.b. adamgershilik qa`siyetlerdi o`z boyına sin`irgen boladı. Klassik shayırlardın` ha`r bir didaktikalıq qosıqlarında turmıstın` turli tematikasına qurılg`an aqıl-na`siyat pikirleri ma`zi qurg`aq bayanlawlardan ibarat bolıp qalmastan, sotsiallıq ha`m ja`miyet ruwxı, zamanlaslar o`miri, xalıqtın` ta`g`diri, jasaw sharayatı, turli minez-qulıqtag`ı adamlardın` moral`lıq kelbeti, olardın` jeke xarakteri menen psixologiyası tiykarında kelip shıqtı.

---

[1]. A`jiniyaz. Ziywar. Tan`lamalı shıg`armaları.-No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1988. 95-96-b

[2.] Berdaq Tan`lamalı shıg`armalarının` jıynag`ı.-No`kis «Qaraqalpaqstan», 1977. 115-b

## II BAP A`JİNİYaZ QOSIBAY ULININ` DİDAKTİKALIK LİRİKASIN OQITIWDIN` METODİKASI

Jaqsı na`rseler adamg`a quwanısh ha`m la`zzet bag`ıshlaydı. Sonlıqtan jaqsı so`z jan azıg`ı dep xalqımız kuta` durıs aytqan. Qaraqalpaq xalqı o`zinin` ataqlı perzentlerinin` ismin ma`n`gi jureginde saqlap, ko`zdin` qarashıg`ınday qa`sterleydi. A`jiniyaz Qosıbay ulı o`zinin` jalınlı, o`tkir shiyrin so`zleri menen xalqımızdın` juregine bekkem ornag`an suyikli ja`ne xurmetli shayırlarının` biri.

Mekteplerde a`debiyat sabag`ın oqıtıwda A`jiniyaz Qosıbay ulının` miynetleri o`tken zamanlardın` qayg`ılı tariyxıy waqıyaların ko`z aldımızg`a elesletedi. O`tkendegi a`dalatsızlıqlarg`a ha`r bir insannın`, oqıwshının` ıza kegin qaynatadı.

Shayırdın` qaysı qosıg`ın alıp qarasaq ta, elge Uatang`a, insang`a degen haqıyqıy muhabbat tolıp atır. 8-klasslarda «Bozataw» shıg`armasın o`terde temanı sol kunnin` sa`nesin taxtag`a jazıp, ko`rsetpeli qurallarımdı klass taxtasına ildirip qoyaman. Bul suwretlerde qaraqalpaqlardın` burıng`ı qara uyleri, a`sirese bir jag`ına jambaslag`an uyler ılashıq, qoslar, awıldın` ko`rinisi, tog`aylıqlar, jaylawlar, ko`latlıqlar, quyash ko`rinisleri bar.

Awıl arasında adamlardın` ha`r jaqqa uylerinen qashıp baratırg`an ja`ne mıltıq asıng`an atlılardın` adamlardı at penen quwıwları, atlar aldında aydalıp baratırg`anlardın` qolı baylawlı ko`zlerinde sorg`alag`an jaslar. Usınday ko`rinistegi suwretlerdi oqıwshılar ko`rip turkmen feodallarına na`let aytadı. Taxtadag`ı ildiriwli suwretlerdegi ko`rinislerdi oqıwshılarg`a birme-bir tusindirip beremen. Son`ınan dushpanın` miyrimsizlik penen tınısh uyqıda jatırg`an adamlardı tan` azannan oqqa tutqanın, peridey sulıw qızlardın` shorı bolıp

satılg`anın suwretlep beremen. Oqıwshılarg`a: hamsubbat-da`rtles, dupenmıltıq, pa`riydek-peridey, qa`niyzlik-shorılıq, yamasa qullıq degen so`zler dep tusindiremen. Qaraqalpaq qızlarının` Siriya, İrak, İran, Turkiya ma`mleketlerine mal ornına zar en`irew menen satılg`anın aytaman.

Klasstın` taxtasına endi Moynaq rayonının` burıng`ı kelbeti, Aral ten`izinin` burıng`ı ko`rinisin elesletetug`ın suwretlerdi ildirip qoyaman. Bunda giddiman paraxodlar, Araldın` ko`kke shapshıg`an asaw tolqınları, qundız, ha`r turli haywanatlar bag`ılatug`ın orınları, balıq konserva kombinatı ha`m basqa da a`jayıp orınların oqıwshılarg`a suwretlerden ko`rsetemen.

Oqıwshılar endi keshegi xalıq shuwlasqan, shayır A`jiniyaz zarlag`an Bozatawdın` bugingisine ko`z jibereyik. Shayır Tilewbergen ag`a Jumamuratovtın` «Bozataw» qosıg`ında, Bozatawdın` ornına Moynaq qalasının` ornag`anlıg`ın so`z etken. Ol o`z qosıg`ında Moynaqlılırdın` asfal`t jollarda avtomobil`ler hawada samolet suwda paraxodlarda sayranlap jurgenin da`lilleydi.

Endi klass taxtasına Araldın` bugingi awhalın ko`rsetetug`ın suwretlerdi ildirgenimde oqıwshılardın` birden renjigenin sezdim. Solay bolsa da haqıyqatlıqtı aytıwıma tuwra keldi. Araldın` bull awhalg`a tusiwine tek qaraqalpaq xalqı g`ana emes, dun`ya xalıqları qıynalıp atır. Sebebi ten`i tayı joq baylıq-adamzattın` nesiybesi bolıw menen birge, insanlardın` salamatlıg`ı ushın Aralımız kuta` kerek. Adamlardın` ha`r turli awırıwg`a shatılıwı o`liwshiliktin` kun sayın ko`beyiwi barlıg`ı Araldın` apatshılıqqa ushırawınan bolıp otır.

Araldı apatshılıqtan qutqarıw ushın joqarı organlardın` bir neshe qararları shıqtı. Sansız jıynalıslar o`tkerildi. Biraq bulardan elege shekem aytarlıqtay

na`tiyje bolmadı. Belgili jazıwshımız To`lepbergen Qayıpbergenov Aral ma`selesi jo`ninde talay reet joqarı minberlerden shıg`ıp so`yledi, talaplar qoydı. Bul ushın xalqımız og`an sheksiz minnetder. Aral qaraqalpaq ha`m tuwısqan xalıqlardın` maqtanıshı ha`m isenishi.

A`jiniyazdın` «bozataw» shıg`armasın poema dep ataymız. O`ytkeni ko`lemi kishkene bolg`an menen mazmunı poemalıq talabına juwap beredi. «Bozataw» poemasın uyge tapsırmag`a bergenimde de oqıwshılardın` temag`a kuta` qızıg`atug`ınlıg`ı ja`ne jaqsı pikirler jurgize alatug`ınlıqları belgili boldı.

A`jiniyaz Qosıbay ulının` «Ellerim bardı» qosıg`ın o`tkenimde de sol kungi sa`ne menen klasstın` taxtasına jazıp qoydım. Aydınlı ko`ller, quwlar, g`azlar, uyrek, shag`alalar ushıp qonıp jurgen suwretlerdi taxtag`a ildirdim. Qatar elatlar, eginlikler, oratılg`an sutlimekler, tog`aylardın` suwretleri, Xojbanbay ha`m qaptalında dumshe mola A`jiniyazdın` qaraqalpaqta ta`riyplep atırg`an suwretleri bar.

Temanı tusindiremen, A`jiniyaz shayır Xiywadag`ı Sherg`azı xannın` medresesin pitkergennen keyin ata-anası bir atastırıp qoyg`an qızına uylendirmekshi bolg`anında shayır kelisim bermeydi. Qız arlanıp arlanıp o`zin suwg`a atıp o`ledi. Qızdın` qunın talap etetug`ın bolg`anlıqtan A`jiniyaz tuwısqan qazaq eline qashıp ketiwge ma`jbur boladı. A`jiniyaz qoyshı bolıp jurgende qoyshılardın` basshısının` anası o`ledi. Onın` namazın oqıwg`a adam tabılmay namazdı A`jiniyaz oqıydı. Onın` sawatlılıg`ın bilgen bas shopan bul xabardı Xojbanbayg`a jetkeredi. Xojbanbay uyinin` keregesine qıstırıwlı turg`an birew ina`m etken kitaptı oqın` dep A`jiniyazg`a beredi. Bul kitaptı hesh kim oqıy

almaydı eken. A`jiniyaz zuwlatıp oqıp jibergende baydın` menshik mollası juwırıp to`rden esik betke o`tip, shayırdın` aldına bas iyedi. Sonnan baslap bay tanısıw retinde qalpaq xalqı jo`ninde bir qansha sorawlar beredi. Sol waqıttı A`jiniyaz qara so`zbenen yamasa o`len` menen aytayınba? Dep soraydı. Aytalsan` o`len` menen aytqang`a ne jetsin deydi Xojban. Shayır qazaq tilinde jaqsı bilgen.

Elimdi sorasan` Xojban bizlerden

Qalpag`ı qazanday ellerim bardı-degende bay qalpaqtın` ulkenligin bir maldın` go`shi bir reet asılatug`ın ulken qazang`a ten`lestirdi dep tusinedi, oypırmay; onda ba`ri da`w desish! Dep jag`asın uylaydı. Hawlıg`adı, qızıg`adı. Qazaqsha da`w degeni qaraqalpaqsha da`w degeni. Qosıqtın` ha`r bir qatarı Xojbanbaydın` juregin terbetip, shayırg`a qayta-qayta raxmetler aytıp, minnetdarshılıq bildiredi.

Mine, oqıwshılar eldin` barlıq ko`rinislerin, miywelerin, qawın-g`arbızın, shabag`ın, qabıg`ın sizler jegen mına sutlimekti shayırdın` maqtanısh penen ta`riyplewine qaran`ız. Qaraqalpaq xalqının` bekkem awızbirshilik sıylasıg`ı, jigitlerinin` ma`rt ha`m palwan ekenin, qızlarının` La`yli-Zulayxadan a`jayıp sulıw ja`ne iybeli, aqıllılıg`ın kuta` sheber jetkeredi. Sonın` menen birge, qaraqalpaqlardı Xiywa xanlarının` jazıqsız ezip atırg`anında A`jiniyaz jasırmastan aytadı.

A`jiniyaz Qosıbay ulının` shıg`armaların o`tkende shayırdın` ha`r bir qosıg`ında arab, parsı, turkmen, qazaq tillerinin` aralaspası bar ekenligine dıqqat beremen. Sonlıqtan so`zlik retinde ha`r bir oqıwshıg`a arnawlı da`pter qoydıraman. Bul da`pterge shayırdın` tusiniksiz so`zlerine qaraqalpaqsha tusinik jazdıraman. Bul oqıwshının` tusiniwi ushın imkaniyat jaratıp beredi.

Shayırdın` ha`r bir shıg`armasına oqıwshılardın` teren`irek tusiniwi ja`ne qızıg`ıwshılıg`ının` artıwında ko`rsetpeli qurallardın` ornı og`ada ulken ha`m paydalı ekenligin ko`p jıllıq pedagogikalıq is ta`jriybemde anıqladım. Aradan qansha waqıtlar, jıllar o`tsede A`jiniyaz shayırdın` ha`r bir qosıq qatarları o`zinin` qunın joytpaydı. Xalqımızdın` tariyxıy altın g`a`ziynesi sıpatında barlıq a`wladlardın` jureklerine jol tawa beredi.

Mug`allimnin` minneti jas a`wladqa bilim beriw, ilimge uyretiw ha`m ta`rbiya beriw. Usılardın` ha`mmesi birge alıp qaralmasa jumısımız da, ulıwma jas a`wladlardı ta`rbiyalawda na`tiyje boladı dep ayta almaymız. Mektep oqıwshılarında aytılg`anlardın` elementleri qa`liplesiwi kerek. Bulardın` ha`r qaysısının` iske asırıw metodikası bar.

Ana tilin oydag`ıday qollana biletug`ın ballada milliy psixologiyanın` qa`liplesetug`ınlıg`ı so`zsiz. Orta Aziya xalıqlarının` milliy psixologiyası-adamgershiliktin`, a`dep-ikramlılıqtın` ha`m ta`rbiyanın` ko`plegen turlerin o`z ishine aladı.

V. A. Suxomlinskiy: «Ta`rbiya honeri degenimiz en` aldı menen so`yley biliw, adam juregine jol taba biliw ho`neri. Ustaz so`zi-sha`kirt juregine jol tabıwda heshqanday ten`ewi joq qural-degen edi. Pedagog ilimpazdın` bul so`zinde ulken haqıyqatlıq seziledi. Sebebi mektepte sabaq beriw mug`allimnin` sa`lemlesiwi menen baslanıp, xoshlasıwı menen tamamlanadı. Klasstag`ı tiykarg`ı figura-mug`allim. Klassta mug`allimnen ruxsatsız hesh sha`kirt so`ylemeydi. Sonlıqtan da klassta sha`kirttin` so`ylew tilin qadag`alaw menen birge, mug`allim o`zinin` tiline ayrıqsha ma`ni beriwi tiyis. Eger mug`allimnin` o`zinin` tilinde a`debiy normadan

tıs dialektlik so`z kelip qalsa, sol waqıttın` o`zinde-aq oqıwshılardan keshirim sorap duzetse bunın` ayıbı joq. Bunday jag`daydı sezgen sha`kirt so`zlerine juwapkershilik penen qaraydı.

Geybir mug`allimler materialdı bilemen, oqıta almawım mumkin emes dep oylaydı. Bunın`day pikir kuta` jiyi ushırasadı. Bul-kuta` qa`te pikir. Oqıtatug`ın sabag`ın`nın` jobası qolın`da bolıwı kerek. Kirispede, tiykarg`ı bo`limde, juwmaqlastırıwda neler aytılıw kerek, qanday mısallardın` astın sızıp, ayrıqsha tusindiriw kerek. Joba talapqa say quralg`an bolsa oqıwshılarg`a aytar oy da tusinikli boladı. Jen`ilden awırg`a qaray o`tkende kuta` ulken sheberlik penen baylanıstıra biliw kerek. Usınday jag`dayda oqıwshıg`a mazmunı menen forması bar ug`ım, tusinik payda bolıwı mumkin. Bull jerde oydı bayanlawdag`ı tiykarg`ı maqseti basqıshpa basqısh jurgiziw. Egerde so`ylegen so`zdi basqıshpa basqısh protsess bolmasa so`zdin` bas ayag`ı aralasıp jurse, qolg`a uslaytug`ın tuyirli zatı bolmay qurg`aq so`z bolsa, onday sabaqtan hesh na`rse tusiniwge bolmaydı.

Mug`allimnin` so`zi-onın` minezine baylanıslı bolıp ta keledi. Geybir ustazlar dawısın barınsha ko`terip, bir ulken jıynalıslarda ushırasıwda so`z so`ylep atırg`anday bolıp so`yleydi. Al endi birewlerdin` so`zi aldag`ı partada otırg`an oqıwshılarg`a zorg`a jetip artqı partada otırg`an oqıwshılarg`a jete almaydı. Bundaylardı xalıqta: «Awzınan so`zi, qoyn`ınan bo`zi tusken» dep ataydı. Bir mug`allimler aldındag`ı jas a`wladlar menen sanaspay temanı o`tiwde o`zinin` bilgenin o`z so`zi menen bayanlaydı. Bulardın` tilinde orfoepiyalıq normalar buzılıp, dialektlik so`zler de aralasıp turadı. Mug`allim o`zinshe tusindirgen boladı. Bulardın` tilindegi kemshilikti geyde oqıwshılardın` o`zleri de bayqap otıradı.

Mug`allimge eskertiwge tartınadı. Al ayırım oqıwshılar ushın ustazdın` aytqanlarının` ha`mmesi-hasıl bolıp shıg`adı.

Keyingi waqıtları mektep oqıwshılarının` bilim alıwg`a qızıg`ıwshılıg`ının` pa`seyip baratırg`anlıg`ı haqqında ko`p ga`p aytılıp atır. Bunın` ha`mmege ma`lim sebebi-oqıwshının` sabaqtag`ı awız-eki so`zlerdi tın`lap, este saqlaw uqıplılıg`ının` pa`seyip baratırg`anlıg`ı. Al bunın` to`rkini nede, degen sawalg`a juwap beretug`ın bolsaq, ga`p oqıwshının` sabaqtı tın`lag`ısı kelmeytug`ınlıg`ında emes, onın` tın`law ta`silin durıs men`gere almag`anlıg`ında. Mug`allimnin` so`zin jaqsı tın`lamay turıp bilimdi tolıq o`zlestirip bolmaydı.

Tın`law-bul este saqlaw ushın sheshiwshi rol` oynaytug`ın, mag`lıwmat o`zlestiriwshi aktiv qubılıs. Biraq, 30-35 minut dawamında sabaqtı uzliksiz tın`lap otırıw an`sat emes. Psixologlardın` baqlawlarına qarag`anda, oqıwshı sabaqtı tek 10-15 minutqa deyin g`ana tın`lay alıwı mumkin, keyin miyi sharshaydı. Sebebi juye (nerv) sisteması, belgili waqıt ishinde belgili bir interval menen, belgili bar mag`lıwmatlardı g`ana o`tkize aladı. Al, ko`pshilik oqıwshılar sabaqtı tın`lap otırg`anday bolıp ko`rinse de, mug`allimnin` aytıp atırg`an so`zleri onın` qulag`ına kirmeydi. Klassta-sabaq waqtında taza temanı, ha`zirgi awır tiller menen jazılg`an oqıw quralınan oqıp o`zlestiriwi qıyın boladı. Onın` ustine ha`r turli ma`limleme qurallardın` ko`pliginen oqıwshılar o`z dıqqatların ja`mlestiriwge kushi jetpey qaladı. Demek, oqıwshılar o`z erkin basqarıp, uslap tura almaydı degen so`z, al o`z erkin o`zine bag`ındırıw ushın kush salıwshı oqıwshılar, a`sirese jaslar arasında ha`zirgi waqıtta siyrek ushırasadı. Mine, sonday oqıwshılarda o`zlerinin` keleshegin oylaw qubılısı bolmaydı, ha`mme na`rseni kelte ha`m jen`il oylaydı

o`zinin` turmısının` an`sat o`tkenligin jaqsı ko`redi, sonın` ushın o`zlerin qıyınshılıqqa urmaydı. Na`tiyjede olar sabaqtan arqada qalıwshı oqıwshılar qatarınan orın aladı.

Mine, usı ha`mme sebep ha`m da`lillerdi esapqa ala otırıp, biz oqıtıwshılar oqıwshılarg`a tıyanaqlı bilim beriw ushın oqıtıw-ta`rbiya islerinin` ha`r qıylı metodların izlestirip oylap tabıwımız ha`m olardın` tiyimlilerin iske engiziwimiz, yag`nıy bizden oqıwshılar uzaqlassa, bizler oqıwshıg`a jaqınlasıwımız, onı bilim alıwg`a qızıqtırıwımız kerek.

Menin`she, oqıwshılar menen klassta, sabaq waqtında islesiw kerek dep oylayman, yag`nıy oqıwshılarg`a sabaqta o`tilgen taza temanın` a`dewir bo`legin, onın` tiykarg`ı ma`nisin bildirip jibersek, oqıwshılardın` uy tapsırmaların orınlawı jen`illesedi. «Oqıwshılarda oqıg`an menen ba`ri-bir tusinbeymen», degen keyiptegi tun`iliwshilik bolmaydı. Na`tiyjede a`ste-aqırın o`zlerinde isenim payda bolıp, sol sabaqqa qızıg`ıwshılıg`ı artadı.

Oqıwshılarg`a taza temanı uyretip, bildirtip jiberiw azg`ana waqıttın` ishinde mumkin emestey ko`rinedi. Eger oqıtıwshı jalıqpay, miynetten qorıqpay, haq kewili menen islese sa`tli shıg`atug`ın is ekenligin men o`zimnin` ko`p jıllıq ta`jiriybemnen ko`rip otırman.Bunın` ushın men, qosımsha materiallardı paydalana otırıp, ha`r bir o`tilejaq taza temanı o`zimshe oqıwshılarg`a an`sat til menen, qısqa jol menen, jergilikli mısallardan paydalang`an halda tiykarg`ı mag`ızın ashıp beretug`ınday da`rejede qayta islep shıg`aman.

Sabaqtı usınday etip, yamasa standart emes formada o`tiwdin` qanday tiyimligi bolıwı mumkin.

-Sabaqqa janlı ha`reketshen` o`tkenligi ushın, oqıwshılar sharshamaydı.

-Ko`p oqıwshıdan soraladı, haqıqıy ha`m ko`p baha qoyıladı.

-Ha`mmeden soralatug`ın bolg`anlıg`ı ushın, oqıwshı sabaqtı dıqqat qoyıp tın`lawg`a tırısadı. Na`tiyjede oqıwshının` dıqqatı ha`m tın`law uqıplılıg`ı artadı.

-Oqıwshılar uy tapsırmasın jen`il o`zlestiredi, sonlıqtan sabaqqa qızıg`ıwshılıq artadı.

-Bahalar haqıqıy boladı, oqıwshılar haqıyqatlıqqa uyretiledi.

Oqıwshılarda tez pikirlew uqıplılıg`ı artadı.

## III BAP A`JİNİYaZ KOSIBAY ULININ` DİDAKTİKALIQ LİRİKASIN PEDAGOGİKALIQ TEXNOLOGIYADA OQITIWDIN' USILLARI

**Sabaqtan` turi**: Ta`krarlaw sabaq.

**Sabaqtın` metodı**: Mashqalalı oqıtıw, izertlew.

**Sabaqtın` maqseti:**

1.Bilim beriwshilik: a) Oqıwshılarda A`jiniyaz shayırdın` do`retpeleri boyınsha tusinigin teren`lestiriw; b) Klassikalıq a`debiyattı uyreniwge qızıwg`ıshılıg`ın arttırıw.

**2. Ta`rbiyalıq a`hmiyeti:-**Oqıwshılarda ko`rkem shıg`armalardı oqıp uyreniwge, teren` bilim iyelewge ta`rbiyalaw.

**3. Rawajlandırıw**:-Poeziyanı oqıp, uyreniw arqalı, ko`rkem estetikalıq go`zzallıqtı seziniwge ha`m joqarı adamgershilik ha`m insanıy paziyletlerdi rawajlandırıw.

-Kutiletug`ın na`tiyje:-Oqıwshılarda A`jiniyaz shayır shıg`armaları boyınsha teoriyalıq ha`m a`meliy bilimleri teren`lesedi.

Ko`rgizbe qurallar:-Sabaqlıq ilimiy miynetler, shayırdın` suwreti salıng`an portret.

**Sabaq barısı:**

Sho`lkemlestiriw: (5 min). Mug`allim oqıwshılardı eki toparg`a bo`lip, A`jiniyaz shayırg`a tiyisli sorawlar menen jarıs o`tkeredi. (10 min).

| | |
|---|---|
| Soraw: A`jiniyaz Qosıbay ulı neshinshi jılı qay jerde tuwılg`an? | Soraw: A`jiniyazdın` anasının` atı kim bolg`an ha`m ol qanday hayal bolg`an? |

| | |
|---|---|
| Oqıwshı: A`jiniyaz Qosıbay ulı 1824-jılı Moynaq rayonının` «Qamıs bo`get» degen jerinde tuwılg`an.<br>Soraw: A`jiniyazdın` a`kesinin` a`kesi, onın` arg`ı atası kim bolg`an?<br>Oqıwshı: Aq jigit<br>Soraw: A`jiniyaz qaysı shıg`ıs klassiklerinin` shıg`armaların jaqsı o`zlestirgen?<br>Oqıwshı: Shayır Ferdawsiy, Saadiy, Xafiz, Nawayı, Bedildin` shıg`armaların jaqsı o`zlestirgen.<br>Soraw: Shayır o`z zamanının` ten`sizligine nalıp:<br>Sa`nemler qolında tilla saz edim,<br>Ha`wijge keltirer janan bolmadı,<br>Tug`rımda talpıng`an alg`ır baz edim,<br>Qa`lpe-sayatlarım maman bolmadı.<br>Bul qatarlar shayırdın` qaysı shıg`armasınan?<br>Oqıwshı: Bull qatarlar shayırdın` «Da`wran tabılmas» qosıg`ınan uzindi.<br>Soraw: A`jiniyaz Qız Men`esh penen neshinshi jılları aytısqa tusken?<br>Oqıwshı: 1864-jılı | Oqıwshı: A`jiniyazdın` anasının` atı Naziyra, ol juda` diluar hayallardan biri bolg`an.<br>Soraw: A`jiniyaz qay jerlerde ta`lim aladı ha`m bull qqında qaysı shıg`armalarında so`z etedi?<br>Oqıwshı: Ol Buxara ha`m Xiywadag`ı Sherg`azı ha`m Qutlımurat inaq medresesinde ta`lim aladı.<br>Shayır bul haqqında «Megzer» qosıg`ında so`z etedi. Qosıqtan shıwmaq keltiredi.<br>Soraw: A`jiniyaz Qaraqalpaqstang`a qalın`lıg`ın izlep barg`anı haqqında qaysı qaraqalpaqlarında aytqan?<br>Oqıwshı: Bul haqqında shayır «Shıqtı jan», «Mola Erime» qosıqlarında anıq aytqan.<br>Soraw: A`jiniyazdın` ko`pshilik o`miri Qazaqstan ha`m Turkmenstan dalalarında o`tken, bunın` sebebi nede? |

Usı ta`rtipte sorawlar izbe-izlik penen beriledi ha`m juwaplar alınıp bal beriledi. Toparlardın` toplag`an balları salıstırıladı, qısqa juwap bergen

oqıwshılardın` juwapları, basqa oqıwshılardın` juwapları menen tolıqtırıladı ham bal beriledi.

Ekinshi jarıs oyını sho`lkemlestiriledi. (10 min). Bunda da oqıwshılardı ko`rkemlep oqıw boyınsha jarıs o`tkeriledi. Bunda A`jiniyazdın` shıg`armalarınan ko`rkemlep oqıw, yaki yadqa aytıw tapsırıladı. A`jiniyaz benen Qız Men`eshtin` aytısı.

Er bala:-

Qıya baqıp menin` janımdı alıp,
Juz mın` jılwa menen shıg`ar go`zzallar,
Juregime ada bolmas ot yapır,
Menin` janım otqa yag`ar go`zzallar.

Qız bala:-

Qız bala kamalg`a kelse,
Almadek pishkena` megzer,
Ma`wjirep aqqan da`r`yadek,
Tolısıp tashqana megzer.

Er bala:-

Ha`r kimsenin` yarı bolsa,
Qıyalın`dı aytpay bilsin,
So`yler so`zi, bolıp shiyrin,
O`zi turıp ko`zi kulsin.

Qız bala:-

Yarın` bolsın qumay kibi,

Kewli bolsın saray kibi,

Juzi bolsın ha`m ay kibi,

Ha`r suniydin` o`zi bolsın.

Usı taqilette oqıwshılardın` qosıqtı ko`rkemlep oqıwı itibarg`a alınadı ha`m tiyisli bal menen bahalanadı. Jaqsı, belsene qatnasqan oqıwshılar ulgi etilip, bahalanıp barıladı.

Keyingi oyında taqtada eki jazıw iliwli turadı. (10 min).







Topar oqıwshıları usı eki isimnin` ha`r bir ha`ribin qosıqtın` baslanıwında keltirip, bir shuwmaq A`jiniyaz qosıg`ınan aytadı. Mısalı:

Er balalar:

A`lip qa`ddim daldek bolıp bugildi,

Ko`zlerimnen qanlı yashim to`gildi,

Jol boyına uygen hasıl yog`imdi,

Bazarg`a eltkendey qa`rwan bolmadı.

(Da`wran bolmadı).

Jılında miywelep, ush reet pisken,

Atı sutilmektey jemisim bardı,

Qırında qızarıp pisken gewirek,

Qawınday mazalı jemisim bardı.

Usı taqilette klastag`ı er balalar «A`jiniyaz» so`zindegi ha`riplerge qosıq aytadı, al, qız balalarda Qız Men`esh so`zindegi ha`r bir ha`ripke shayır qosıg`ınan tawıp aytadı.

Mısalı:

Qız balalar:

Qıya bag`ıp menin` janımdı alıp,

Juz mın` jılwa menen shıg`ar go`zzallar.

***(Go`zzallar)***

Ishqı zimistanım misli yaz etip,

Jurisin mısalı quba g`az etip,

Bir qayrılıp ashıg`ına naz etip,

Arzıw-a`rman menen keter sawdigim.

***(Sawdigim)***

Usı mazmunda jarıs o`tkizilse oqıwshılar bir qansha tusinikke iye boladı ha`m yadında saqlap qaladı. Jarıs barısında oqıwshılar xoshametlenip, marapatlanıp barıladı.

Son`g`ı basqısh. «Qosıq qatarların dawam etiw». Tapsırmanın` sha`rtinde to`rt muyeshli qag`azg`a bir shuwmaq qosıqtın` bir qatarı jazılıp, qalg`an ush qatarın oqıwshı dawam ettiriw kerek boladı. Mısalı:

1. Sorasan` elimdi Qojban bizlerden,
2. ________________________________,
3. ________________________________,
4. ________________________________,

Oqıwshı qatardı tolıqtırıp, mazmunına tallaw jasap, tusinik beredi.

Usınday taqilette bir neshe sorawlar berip barılsa, oqıwshılardı shaqqanlaqqa uyretedi ha`m shayırdın` shıg`armaları tuwralı bir qansha mag`lıwmatlarg`a iye boladı. Sabaqta oqıwshılar isenimli ha`m erkin so`ylewge uyrenedi, o`zi betinshe izleniwshiligin arttıradı.

***A`jiniyaz lirikası***

**Sabaqtın` tu`ri**: birlesken sabaq.

**Sabaqtın` metodı**: Kishi toparlarda islew.

**Sabaqtın` maqseti:**

1. Bilim beriwshilik:

a) Oqıwshılarda A`jiniyaz shayır haqqında teren` tusinik payda etiw;

b)Shayırdın` lirikaları arqalı qaraqalpaq xalqının` turmısın ashıp beriw.

**2.Ta`rbiyalıq a`hmiyeti**:-Shayırdın` lirikaları arqalı oqıwshılardı watan suyiwshilikke, a`dep-ikramlılıqqa, doslıqqa, ma`deniyatlılıqqa, o`z eline sadıqlıqqa ta`rbiyalaw.

**3.Rawajlandırıw**:-Shayır lirikalarının` na`tiyjesinde oqıwshılardın` dun`yag`a, o`mirge bolg`an ko`z-qarasın teren`lestiriw ha`m oy-pikirlerin rawajlandırıw.

-Kutiletug`ın na`tiyje:-Pikirlew dun`yası ken`eyedi, oy-o`risi o`sedi.

Ko`rgizbeli qurallar: Sabaqlıq, shayır toplamları, Qaraqalpaqstan Respublikası kartası, kespe qag`azlar, suwretler t.b.

**Sabaq barısı:**

Sho`lkemlestiriw: (2 min). Mug`allim oqıwshılarg`a o`tilgen tema boyınsha tiyisli sorawlar berip, bilimin anıqlaydı. Oqıwshılarda shayır do`retiwshiligi boyınsha teren` tusinik qaldırıw ushın, oqıwshılardı 5 toparg`a bo`lip, taq-tag`a gul sog`ıw arqalı shayır shıg`armaları boyınsha tusinikleri anıqlanadı. (25 min). Topar oqıwshıları o`z-ara oylasıp, sorawlarg`a juwap beriw ushın, taqtag`a bir oqıwshı shıg`adı.

***1-topar***



***2-topar***




***3-topar***



Bul shınıg`ıw arqalı oqıwshılar oylanıp pikir juritedi, ha`mmesinin` dıqqatı tapsırmanı orınlawga qaratıladı.

Son`ınan «Aylanba oyın» sho`lkemlestiriledi. (15 min). Oqıwshılar 6 toparg`a bo`linedi. Ha`r bir topar bir bet qag`az alıp, berilgen qosıq atın ortasına jazadı. 1-topar «Ellerim bardı», 2-topar «Bozataw», 3-topar «Ayrılsa», 4-topar «Megzer» qosıg`ın jazadı. Topar ag`zaları sol qosıqta qanday ma`seleler so`z etilgenin, mazmunında ne haqqında so`z etilgenin jazadı. Bul oyındı orınlaw ushın oqıwshılar shayırdın` qosıqların tolıq o`zlestirgen bolıwı kerek. Eger mug`allim ha`r kungi sabag`ına do`retiwshilik qatnas jasap, zamanago`y usılda o`tip barsa, oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ı artıp, kundelikli sabaqtı oqıp, izlenip baradı.

Oyın shınıg`ıwının` waqtı pitkennen keyin ha`mme oqıwshının` dıqqatı mug`allimge qaratıladı. Ha`r topardan eki oqıwshı alınıp: 1-2, 2-3, 3-4, 4-5, 5-6, 6-1 toparlardın` islegen jumısın jetilistiredi, qosımsha pikiri bolsa qosadı. Tekseriwge de belgili waqıt belgilenedi. Bolg`annan keyin jıynap alınıp, ma`seleler sanaladı. En` ko`p jazg`an topar jen`impaz dep esaplanadı. Mug`allim oqıwshılardı, o`z waqtında qadag`alap, bahalap baradı.

Sabaqtı juwmaqlaw ha`m uyge tapsırma beriw (3-min).

**Test sorawları**

***1.A`jiniyaz neshinshi jılı tuwılg`an ha`m qaytıs bolg`an?***

A) 1827-1828,

B) 1828-1873

S) 1824-1878

D) 1824-1900

***2.A`jiniyaz awılında kimnin` medresesinde ta`lim aladı?***

A) Elmurat axun,

B) Xojamurat iyshan

S) Qutlımurat inaq

D) Sherg`azı xan.

***3. A`jiniyaz Xiywada 15 jıl oqıg`an degen pikirdi qaysı ilimpaz aytqan edi?***

A)K. Bayniyazov «Qosıqtın` kushi»,

B) A. Murtazaev «Shayırdın` muhabbatı»,

S) K. Mambetov «A`jiniyaz»

D) B. Qa`limbetov «A`jiniyazdın` lirikası»

***4. «A`jiniyaz» romanın jazg`an kim?***

A) Qa`limbet Sultanov,

B) K. Ma`mbetov,

S) T. Qayıpbergenov,

D) Karamatdin Sultanov.

***5. A`jiniyazdın` Xiywada oqıp jurip da`slepki jazg`an qosıqları qaysılar?***

A) «Duysen qa`ndekli», «Yaranlar».

B) «Jaqsı», «Ayrılsa»,

S) «Sa`lem degeysen`», «Bilmedim».

D) «Ko`n`lim menin`», «Megzer».

***6. A`jiniyazdı Qazaqstang`a ketiwge ne ma`jburledi?***

A) A`jiniyaz bala oqıtıw ushın mollashılıq etiwge ketedi,

B) A`jiniyaz jala sebepli, qız dawına ushırap ketedi,

S) Ku’n ko`riw ushın, talap izlep ketedi,

D) Bilimin joqarılatıw ushın oqıwg`a ketedi.

***7. A`jiniyaz Mırza Qojbannın` sorawına baylanıslı qanday qosıq jazadı?***

A) «Sa`lem degeysen`».

B) «Da`wran bolmadı»,

S) «Ellerim bardı»

D) «Qız Men`esh penen aytısı»

***8.Qumırısqadek qıpsha-qıpsha bellerin`,***

***Barmaq tolı yuzik-yuzik a`llerin`,***

***A`sel qatqan suzik-suzik tillerin`***

***Jılandı jıljıtıp innen bezdirer.***

***Bul A`jiniyazdın` qaysı qosıg`ınan alıng`an?***

A) «Go`zzallar»,

B) «Bir pa`riy».

S) «Bir janan»,

D) «Bozatawlı na`za`lim».

***9. A`jiniyaz qaysı klassik shayırdın` qosıqların qosıqların qaraqalpaq tiline awdaradı?***

A) Maqtımqulı,

B) Nawayı,

S) Abay,

D) Fizuliy.

***10. A`jiniyaz qaraqalpaq poeziyasına qosıqtın` qanday turlerin alıp keldi?***

A) Rubayı, oda, lirika,

B) Muxammas, g`a`zzel, rubayı,

S) Murabba, g`a`zzel, muxammas,

D) Muxammmas, lirika, rubayı.

***11. «A`jiniyaz operasın» jazg`an kim?***

A) K. Mambetov,

B) T.Qayıpbergenov,

S) İ. Yusupov.

D) T. Jumamuratov.

***12. Jazıwshı «A`jiniyaz opera» sında qaysı waqıyalardı so`z etedi.***

A) 1860-jıllardag`ı Bozataw boyındag`ı waqıyalar so`z etiledi.

B) 1840-44-jıllardag`ı A`jiniyazdın` Xiywada oqıg`an da`uiri so`z etilgen.

S) A`jiniyazdın` balalıg`ı, jaslıq da`wiri so`z etilgen,

D) A`jiniyazdın` Qazaqstanda jurgen da`wiri so`z etiledi

***13.Qız Men`esh penen neshinshi jılı, neshe jasında aytısadı?***

A) 1864-jılı 50-jasında

B) 1863 jılı 40 jasında

S) 1861-jılı 41-jasında

D) 1864 jılı 40-jasında.

***14. «Bozataw» poeması neshinshi jıllardag`ı waqıyanı so`z etedi.***

A) 1855-1856

B) 1827-1828

S) 1858-1859

D) 1858-1860

***15. «Bozataw» romanının` avtorı kim?***

A) K. Mambetov

B) K. Sultanov

S) T. Qayıpbergenov

D) N. Dawqaraev

***16. A`jiniyaz lirikasının` tiykarg`ı o`zgesheligi nede?***

A) Qosıqların bastan-ayaq qaraqalpaq tilinin` so`zlik fondındag`ı so`zler menen jazg`anlıg`ı

B) Qosıqlarında shıg`ıs poeziyasındag`ı arab-parsı leksikasın qollanıwı,

S) Qosıqlarında aforizmlerdi ugit-na`siyat turindegi so`zlerdi qollanıwı.

***17. Qara ko`z qıpsha bel, qız benen jawan,***

***Yuzleri gul kibi ko`zleri ma`stan***

***Quda a`miri bilan bardılar Balqan...***

***A`jiniyazdın` qaysı qosıg`ınan alıng`an mısal?***

A) «Bozataw»

B) «Kerek»

S) «Jaqsı»

D) «Ay-a`lif».

***18. A`jiniyaz o`z o`mirinde qanday talap penen shug`ıllang`an?***

A) Qazaq arasına barıp bala oqıtqan

B) Xalıq arasında baqsılıq penen shug`ıllang`an

S) Baylarg`a jallanıp kunlikshilik etken

D0 mal bag`ıp diyxanshılıq etip, egin egip shug`ıllang`an.

***19. A`jiniyaz do`retiwshiligin izertlep kandidatlıq dissertatsiya jaqlag`an ilimpaz kim?***

A) B. Genjemuratov

B) B. Qa`limbetov

S) A. Murtazaev

D) A ha`m B juwapları durıs.

***20. Xiywada shıqqan «Yugirmiya» jurnalında A`jiniyazdın` qaysı janrdag`ı qosıqları basılg`an.***

A) Rubayıları

B) Muxammasları,

S) Murabba formasındag`ı kosıg`ı

D) G`a`zzelleri.

## JUWMAQ

A`jiniyaz jaslardın` o`z-ara doslıq qatnasta jasawın a`hmiyetli sanadı, sebebi: «Heshkimge bolmag`an ulpet… miywasız bir talg`a megzer» Turmısta jaqsı adamlar menen doslıqta o`mir sursen` g`ana talabın` o`rleydi, tek «jaqsı dostın` bolar o`lgenin`she ma`deti». Jaslar sadıq, isenimli, bir-birine shın berilgen bolıwı kerek. Dos bolıp dosınan ga`pin giznegen, dosqa qılap qılıp yalg`an so`ylegen-dushpan. Bunın`day «yaman adam dostdın` qashar, wa`z kesher». ha`m opasızlıq etedi. Sonlıqtan da, «yurme nama`rd yoldash bila`». Dos izlegen adam «qa`dirin biler bir qa`dirdan izla`sa`». g`ana jaqsı bolatug`ının aytıp, «na`ma`hra`mdi hasla joldas tutpawdı» na`siyatladı.

Watandı su`yiw, xalıq ma`pi ushın umtılıw-ha`r bir azamattın` wazıypası ekenligin tusindiriw A`jiniyazdın` qosıqlarında ayrıqsha orın iyeleydi. Onın` ha`r bir azamattın` putkil xalıqtın` o`z Watanı bekkem baylanısta bolatug`ının sezdiriw oyların mına qatarlardan ko`remiz: «Jer ha`m el bilendur, el ha`m jer bila`n, Jersiz eldin` kuni da`rbeder bila`n».

Jaslarg`a tuwg`an Watanın suyiw sezimlerine iye bolıwın, onı qa`dirlep sırtqı dushpanlardan qorg`aw kerekligin, elden beziwge bolmaytug`ının na`siyatlag`andag`ı maqseti: «Elinen ayırılg`an diywana bolatug`ının» tusindiriw. Jat jurt qa`dirin`di bilmeydi. «Jat ellerde musa`pirlik shekkennen, urıp-sog`ıp qorlasada el jaqsı».-dep tuwg`an ma`kannın` ha`r na`rseden de artıqmashlıg`ın sezdirdi. Sebebi, ha`rkim o`zinin` yurtında da`wletli sultang`a men`zep jasaydı. Dun`yada shıraylı sha`ha`rler ha`m go`zzal imaratlar ko`p bolsa da «ha`r kimnin` o`zine Mısırdı jayı».

Shayır jaslardı xalıq ushın miynet etiwge ta`rbiyalaw haqqında da bahalı pikirler ayttı. Adamlar tek jasap, kuneltiw ushın g`ana emes, al xalıq ma`pi, Watannın` gulleniwi ushın da man`lay ter to`giwi kerek. Miynettin` do`retiwshilik kudiretinin` ullılıg`ın, onın` eldi suyiwshilik sezimleri menen baylanısatug`ının bayan ete kelip shayır: «Elge paydası joq maqtanshaq ma`rtten, shan`ı-kirin`di qag`ıp esken jel jaqsı»-deydi. A`jiniyaz izge tartıwshılıq xarakterdegi miynet etiw-qara suyek jarlı-jaqıbaylardın` isi, aq suyekler bul ushın jaratılmag`an degen tusiniklerge qarsı shıg`a otırıp, bay, gedey bolıwına qaramastan ba`rshe ırısqısın o`zi tabıwı kerekligin ta`ripledi. («Bazıbirewler»).

Shayır miynet islewge ta`rbiyalaw menen birlikte jaslarg`a o`ner iyelewdi na`siyat etip, bunın` xalıq talabın qanaatlandırıwda a`hmiyetli ulkenligin, turmısta basqalardan g`a`rezsiz jasawdın` tiykarg`ı sharası o`ner iyelew ekenligin, insandı bul jetiskenlik baxıtqa eristiretug`ının «Megzer» qosıg`ında jaqsı bayanlag`an. Onın` ko`z-qarasınsha, ka`sip-o`nerin taptırmaytug`ın, kerekli, qa`dirli bolsa xızmetin`di el hurmetleydi, dosların` menen tilekles adamların` ko`beyedi:

A`jiniyaz jaslardın` tiykarg`ı unamlı qa`siyetlerinin` biri o`tirik so`ylemew, o`sek aytpaw, haq juriw ekenin de ko`rsetken. Aldamshı kisinin` ar-namısı, turag`ı kem bolatug`ının tusindirip: O`tirikshinin` bolmas antı, iymanı dep jazdı. Usınday «jaman adam g`oz taslaydı arag`a. So`zdin` o`tirik ırası anıqlanbasa adamlar arasındag`ı o`z-ara isenim, sıylasıq buzılatug`ının, sonın` ushın «Shug`ıl so`zdi shubha etiwdi taslaw» za`rurligin de bayanladı. Onın` pikirinshe, o`tirik-o`sek aytıwshı adamlardın`:

Talabı sarsıq ga`p bolar,

Aldı ba`lent tawg`a megzer

Shayır jaslarg`a sır saqlay biliwdi eskertedi, esitkeni menen bilgeninin` ba`rin ko`ringenge ayta beriwdi a`depsizlik dep esaplap awzında ga`p turmaytug`ın parasatsızlarg`a qupıya oylardı pash etiwdi na`siyatlaydı. Bul ma`selede «Sır bermedim ha`r na`ma`rdge» dep o`zin ulgi etti. Onın` tusiniginshe durıs ta`rbiya alg`an adamlar ha`rkimge ishtegi pikrlerin ayta bermeydi. «Sır shashpas adam danası». A`sirese dushpag zulımlarg`a-«dos emes ol tulkilerge» hesh sır shashpay, bunın` ornına:

Yigit kera`k o`z jayında so`zla`sa`,

Ha`rkima` sır bermey sırın gizna`sa`

Jaqsı bolatug`ının eskertken. Sır saqlay biliw, pikirlerin gizney alıw qa`siyetleri sabırlı, parasatlı adamlarda bolatug`ının ayta otırıp, ag`artıwshı jaslardı saldamlılıqqa uyretiw kerekligin de talap etedi. «Sabırlı is artıq, ko`z benen ko`rdim» dep bunın` ta`jiriybede ko`p sınalg`anın jazadı.

Solay etip A`jiniyaz a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası ma`selesinde jaslardın` insanıy ma`mleni puxta iyelegen, adamgershilikli, jag`ımlı minezli, miynet suygish a`dil, doslıqtı ha`m xalıqlar doslıg`ın qa`sterleytug`ın, elinin` patriotı, barlıq waqıtta bir so`zli, sabır parasatlı ma`rt bolıwı kerekligin na`zerde tutqanın ko`remiz. Onın` a`dep-ikramlılıq ma`selesindegi pikirlerinin` tiykarın xalıqtın` keleshegi bolg`an jaslardın` unamlı etikalıq tu’sinigi menen minez-qulqı ja`miyettin` jaqsılanıwına, adamgershilikli qa`siyetlerge bay bolıwına alıp keledi.

## PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR


1.İ. Karimov Yuksak ma`naviyat engilmas kush. Toshkent 2008

2. A`. Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası No`kis-2004.

3. A`. Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikasının` aktual ma`seleleri No`kis-1989.

4. A`. Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikasının` geypara ma`seleleri. No`kis1991.

5. K. Ma`mbetov «A`jiniyaz» (ilimiy ocherk) No`kis 1994.

6.K. Ja`rimbetov «Ashıq ziywar» No`kis-1998

7. A`jiniyaz (Ziywar tan`lamalı shıg`armaları) No`kis 1988

8.B. Ataxanov A`jiniyaz shıg`armaların oqıtıwdın` ayırım ma`seleleri. «Qaraqalpaqstan mug`allimi» 1992 № 2 sanı.

9.B. Ka`limbetov A`jiniyazdın` lirikası. No`kis 1981j

10. K. Kurambaev Kewil kewilden suw isher No`kis 1991.

11. A. Murtazaev Shayırdın` muhabbatı. No`kis 1988.

12. A. Pirnazarov Masterstvo A`jinyaza Nukus 1983.

13. P. Yusupova A`jiniyaz shıg`armaların ko`rkem oqıtıw «Qaraqalpaqstan jasları»1994.

14. İ. Yusupov Dala orfeyi. No`kis-1975.

15. M. Tilewmuratov Qaraqalpaq poeziyası tariyxıy derek No`kis 1984.

16. D. Saydova XVIII-XIX a`sirlerdegi qaraqalpaq shayırları shıg`armalarının` tili No`kis 1989.

17. A. Pirnazarov Kunxoja, A`jiniyaz, Sıdıq shıg`armalarında qollanılg`an do`retiwshilik usıllar No`kis 2000

18. İ. Sag`itov A`jiniyaz Qosıbay ulı (Ziywar) tan`lamalı shıg`armaları No`kis 1965.

19. K. Ja`rimbetov XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı No`kis-2004.

20. A`. Paxratdinov pedtexnologiya tiykarları., No`kis 2009.

21. N. Japakov, K. Ma`mbetov, Q. Sultanov, A. Karimov. Qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı. No`kis-1983.

22. A`. Paxratdinov. A`jiniyazdın` «Bozataw» shıg`arması haqqında «A`miwda`r`ya» 1989, 4 sanı.

23. A. Murtazaev «Bozatawdag`ı bazı so`zler haqqında» // «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 1995 jıl 18-mart.

24. A`. Paxratdinov «Bozataw» shıg`arması tuwralı azı-kem so`z.// «Erkin Qaraqalpaqstan», 1999, 11-dekabr`.

25. K. Sultanov «Bozataw»-lirikalıq poema// «No`kis haqıyqatı», 1999, 1-iyul`.

26. A`jiniyaz «Bozataw» No`kis 1975.

27. J. Bazarbaev O`mir-bul sananın` ko`terin`kiligi. No`kis-1996.

28. N. Da`wqaraev Ocherki po istorii karakalpakskoy literaturı. ADD.M.1950.

29. N. Da`wqaraev A`jiniyaz Qosıbay ulı// A`jiniyaz, tan`lamalı shıg`armaları. No`kis 1949.

30. S. Kamalov A`jiniyaz shıg`armalarındag`ı tariyxıy ha`m etnografiyalıq mag`lıwmatlar.

31. B. Qa`limbetov «A`miw-da`r`ya» 1976 10 sanı. «Bozataw» poeması haqqında//Sa`wir. No`kis, 1977.